

PS


Siksè Apre Lekòl Segondè

LIS POU PARAN AK FANMI

Ede pitit ou atenn objektif akademik li!

KONTINYE konsa. Kounye a se pa lè pou ralanti !

- Ankouraje pitit ou pou l travay byen lekòl – nòt li ap fè yon diferans an lavni epi sa kapab gen enpak sou èd finansye li.
- Ankouraje pitit ou pou l abitye ak pwofesè li yo.
- Ankouraje lekti kòm distraksyon.
- Ankouraje pitit ou pran avantaj sou resous ki disponib nan lekòl la epi chèche èd tousuit lè l bezwen.
- Reyitè enpòtans pou konn ekri ak kominike byen.



METE ANFAZ sou enpòtans ekstra efò genyen

- Ede pitit ou tabli objektif akademik ak pèsònèl li pou ane a pou l rete motive ak konsantre.
- Pale sou tout fason pou aksepte defi.
- Ankouraje pitit ou kontwòle pwogrè nan domèn prensipal li oswa pwogram.
- Diskite avèk pitit ou posiblite pou l etidye nan lòt peyi oswa pran lòt klas ki baze sou enterè li.

Pran KLAS KI NESESÈ fè yon diferans

- Montre enpòtans rankont avèk yon konseye pou fè sèten pitit ou pran kou pou konplete degre li atan. Kou ki pa nesèsè se pèdi tan ak lajan.
- Transfè pou kolèj? Chèche konnen si kredi pitit ou deja pran yo kapab transfere.
- Ale nan lekòl pou yon degre siperyè, enkli lekòl dwa, biznis oswa medikal? Chèche konnen kritè pou admisyon yo ak si pitit ou ap bezwen planifye pou pran kou adisyonèl.

RETE òganize

- Pitit ou ta dwe anmezi pou jere tan l. Sigjere yon ajanda dijital oswa papye pou ede l rete òganize ak respekte dat limit yo.
- Fè pitit ou sonje pou l li deskripsyon chak kou epi note kilè gwo pwojè oswa egzamen yo pwograme.
- Ankouraje pitit ou kenbe nòt ak papye l yo òganize nan yon klasè pèfore oswa yon sistèm sou entènèt.
- Fè pitit ou sonje pou prepare oswa mete rezime li ajou ak tout aktivite li nan kolèj, travay epi prim li resevwa.

PREPARE epi pran tès pou admisyon nan lekòl pou etid siperyè

- Si pitit ou enterese nan lekòl siperyè, lekòl medikal, lekòl dwa oswa lòt pwogram pwofesyonèl, kapab genyen yon egzamen dantre ki obligatwa avan aplikasyon an.
- Fè pitit ou sonje pou verifiye ak satisfè tout dat limit pou egzamen pou pwogram espesifik ki enterese li.



AchievePBC.org

★ Asirans Siksè ak Aksè pou Kolèj

Hosted by



United Way
of Palm Beach County

PS

Siksè Apre Lekòl Segondè

LIS POU PARAN AK FANMI

Ede pitit ou atenn objektif akademik li!

METE MEN angaje

- Rekòmande pitit ou pou l eseye yon bagay nouvo ak pratike abilte sou lidèchip nan rankontre gwoup elèv, aktivite kominotè, oswa òganizasyon volontè oswa pran yon travay atan pasyèl.
- Ede pitit ou planifye pou ete a epi konsidere pran kou, estaj oswa yon travay.

PASE TAN nan konpayi bon moun

- Poze kesyon sou zanmi pitit ou yo nan lekòl la. Ankouraje pitit ou fè zanmi avèk moun ki gen objektif pozitif ak menm enterè avèk li.
- Montre sipò nan kominikasyon regilyèman.
- Fè nouvo zanmi ak ajisteman nan yon nouvo plas kapab difisil. Ankouraje pitit ou pou l rete angaje epi konsantre sou bagay ki pozitif.
- Ankouraje pitit ou patisipe nan gwoup detid oswa jwenn avèk yon zanmi pou etidye.
- Sigjere pitit ou pou l chèche konseye ki disponib: yon pwofesè, konseye, antrenè, lòt adilt li fè konfyans oswa lòt elèv ki pi gran li kapab pale avèk yo.
- Ankouraje pitit ou pou l sèvi kòm modèl ak konseye pou elèv ki pi jèn yo.

EKSPLORE chwa pou karyè yo

- Pale ak pitit ou sou objektif li pou lavni epi sigjere yon vizit nan sant pou karyè a pou opòtinite pou fè volontè oswa rezidans, ak jwenn èd pou prepare rezime, entèvyou, ak chèche travay.
- Si sa disponib, ankouraje pitit ou pou vini nan ekspozisyon pou karyè oswa pran avantaj pou travay anba sipèvizyon ak opòtinite nan rezo.

PLANIFYE fason pou peye ekolaj apre lekòl segondè oswa lekòl pou etid siperyè

- Pale ak pitit ou sou fason pou l jere ekolaj apre lekòl segondè ak frè adisyonèl.
- Fè pitit ou sonje pou re-aplike pou FAFSA chak ane pandan yon nan kolèj.
- Ankouraje pitit ou aplike pou lòt bousdetid.
- Ede pitit ou kreye yon bidjè ak kontwole depans li.
- Ede pitit ou konprann prè pou elèv *student loans* epi dekouraje yo fè dèt ki pa nesèsè tankou kat kredi.

Adapte de "Oregon Goes To College"